



Pou Piblikasyon Imedya: 11/07/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KANTITE REKÒ NOUYÒKÈ KI TE ITILIZE
PWOGRAM KONJE FAMILYAL PEYE NASYONAL LA AN 2022**

***Nouvo done yo montre plis pase 700,000 Nouyòkè te itilize pwogram konje
familyal peye depi 2018 - Sa gen ladan plis pase 160,000 an 2022***

***Aprè ekspansyon Gouvènè Hochul pou Lwa sou Konje Familyal Peye New York la
an 2021 pou ede plis fanmi kreye lyen ak pitit ak pwòch yo***

Baz done entèaktif Depatman Sèvis Finansye a disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke yon kantite rekò travayè yo te itilize pwogram istorik konje familyal ki peye New York la pou yo kreye lyen ak pitit yo oswa pou pran swen yon manm fanmi ki malad grav an 2022. Done yo, ki pibliye nan yon baz done entèaktif Depatman Sèvis Finansye, montre ke pousantaj itilizasyon jeneral la, kantite gason ki pran konje patènite peye chak ane, ak longè mwayèn nan tan konje yo tout ogmante chak ane pandan senk premye ane pwogram nan.

"Lè mwen te siyen lwa ekspansyon konje familyal peye New York la, mwen te reyafime angajman eta nou an pou asire ke travayè yo gen pwoteksyon yo bezwen pou yo kreye lyen ak paran, pitit ak lòt pwòch yo", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Kounye a, travayè yo ap reponn - avèk ogmantasyon enskripsyon ak itilizasyon rekò, sitou pami papa yo. Pwogram konje familyal peye nasyonal nou an se yon temwayaj efò nou pou fè New York vin yon eta ki pi bon pou travayè nan nasyon an, epi mwen pral kontinye travay nan tèt kole ak Lejislati a pou egzekite politik ak pwogram ki sipòte fanmi solid yo".

Sirentandan Depatman Sèvis Finansye a, Adrienne A. Harris, te deklare, "Anba lidèchip Gouvènè Hochul, New York ranfòse angajman li pou konje familyal konplè ki peye, sa ki esansyèl pou pwoteje sekirite ekonomik tout travayè yo. Baz done piblik la pèmèt siveyans transparan siksè pwogram nan, sa ki pèmèt pati konsènen nan New York ak atravè peyi a pwofite enfòmasyon ki gen anpil valè nan yon pwogram konje familyal nasyonal".

Prezidan Komisyon Dedomajman Travayè a, Clarissa M. Rodriguez, te deklare, "New York konprann sa - okenn moun pa ta dwe oblije chwazi ant yon chèk ak pran swen fanmi yo. Plizyè santèn milye Nouyòkè k ap travay ki te pran Konje Familyal Peye

depi 2018 konnen valè benefis enpòtan sa a, menm jan ak pitit yo ak lòt manm fanmi yo ki te benefisye swen yo. Li tèlman bèl pou nou wè plis moun ap itilize benefis sa a chak ane".

Komisè Depatman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te deklare, "Nou konnen konje familyal peye ki elaji ede konble diferans salè ant sèks yo, epi pèmèt travayè yo jwenn tan yo merite pou pran swen pitit yo ak lòt manm fanmi yo. Li enpòtan pou Nouyòkè yo pwofite pwogram nasyonal sa a, epi mwen espere ke sa enflyanse plis Nouyòkè itilize pwogram nan. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou devouman li pou ede fanmi New York yo lè li sipòte konje familyal peye elaji".

An 2016, sèlman 13 pousan nan travayè nan tout peyi a te genyen konje familyal peye. Depi New York te adopte lwa nasyonal ki bay plis pase 8 milyon travayè konje familyal peye, yo te peye plis pase 717,000 reklamasyon pou konje familyal nan senk premye ane pwogram nan, avèk yon nivo rekò 163,124 reklamasyon an 2022.

Rezilta kle yo apati done yo gen ladan:

- Kantite reklamasyon peye yo te ogmante chak ane nan pwogram nan, eksepte yon ti bès an 2020, ki gendwa se akòz enpak pandemi COVID-19 la. Pousantaj itilizasyon konje familyal peye New York (pousantaj travayè ki kouvri yo ki te itilize benefis la nan yon ane) te ogmante san rete chak ane soti nan 1.59 pousan an 2018, pou 1.73 pousan an 2019, 1.74 pousan an 2020, 1.96 pousan an 2021 ak 2.06 pousan an 2022.
- Paran yo itilize pi souvan benefis la pou pran tan pou pran swen yon tibebe ki fèk fèt, yon timoun adopte, oswa nan fanmi dakèy oswa kreye lyen ak li, avèk 83,796 reklamasyon an 2018; 101,802 an 2019; 98,835 an 2020, 113,025 an 2021 ak 117,851 an 2022.
- Plis gason ap pran konje patènite chak ane pou pran swen pitit yo epi kreye lyen avèk yo. Pousantaj reklamasyon pou konje familyal peye pou kreye lyen ak yon timoun ke yon gason leve te ogmante chak ane: 30.8 pousan (25,768 reklamasyon) an 2018; 33.2 pousan (33,803 reklamasyon) an 2019; 36.4 pousan (35,942 reklamasyon) an 2020; ak 38.3 pousan (43,254 reklamasyon) an 2021 ak 39.7 (46,764 an 2022).
- Plis moun ap pran swen manm fanmi ki malad grav. 27.7 pousan nan reklamasyon yo te soti kote Nouyòkè ki te pran konje peye pou pran swen yon manm fanmi ki malad grav, epi pi souvan, pou pran tan pou pran swen yon paran ki malad.
- Tan konje an mwayèn yo te pran te ogmante chak ane soti nan 5.5 semèn an 2018 rive nan 7.9 semèn an 2022.

Anplis de sa, rapò a montre travayè Eta New York nan chak rejyon New York te pwofite benefis nasyonal sa. Reklamasyon yo selon rejyon an 2022 gen ladan:

- Vil New York (49,703)
- Long Island (23,687)

- Mid-Hudson (17,144)
- Rejyon Lwès New York (14,539)
- Finger Lakes (12,242)
- Rejyon Kapital (9,274)
- New York Santral (6,626)
- Southern Tier (4,774)
- Mohawk Valley (4,185)
- North Country (2,953)
- Pa presize oswa andeyò Eta a (17,997)

Anvigè depi 2018, pwogram konje familyal peye New York la se yon asirans pou peye anplwaye ki bay travayè yo konje ki pwoteje travay yo, konje peye pou kreye lyen avèk yon timoun ki fèk fèt, adopte oswa nan fanmi dakèy, pran swen yon manm fanmi ki gen kondisyon sante grav (sa ka enkli ka COVID-19 grav) oswa ede pwòch yo lè yon manm fanmi an deplwaye aletranje nan sèvis militè aktif. Travayè kalifye yo ka pran jiska 12 semèn lib nan 67 pousan peman yo (jiska yon limit) nan moman bezwen.

An 2021, Gouvènè Hochul te siyen lejislasyon ki elaji benefis la pou pèmèt Nouyòkè yo pran konje peye pou pran swen yon frè/sè ki malad grav. Nouvo benefis sa ap antre anvigè an 2023.

Konje familyal peye a ka disponib tou nan kèk sitiyasyon lè yon anplwaye oswa minè, timoun depandan anba yon lòd karantèn oswa izòlman akòz COVID-19.

Pou detay konplè sou pwogram konje familyal peye Eta New York la, sa gen ladan kijan pou w aplike, ale sou [PaidFamilyLeave.ny.gov](https://www.paidfamilyleave.ny.gov).

Pou detay konplè sou baz done entèraktif DFS la sou itilizasyon konje familyal peye Eta New York la, ale [isit la](#).

Kanpay Sansibilizasyon sou Konje Patènite nan Eta New York

Depatman Travay (Department of Labor, DOL) Eta New York ap kontinye kanpay sansibilizasyon sou konje patènite li a nan tout eta a, jan Rapò Eka sou Salè ant Sèks 2023 a rekòmande. Kanpay la vize nòmalize konje patènite lè li ogmante sansibilizasyon sou benefis ki disponib pou nouvo ak fiti papa yo epi mete aksan sou fason konje patènite ka gen yon enpak pozitif sou fanmi yo ak sou pèspektiv karyè ak salè fanm k ap travay yo.

Pou plis enfòmasyon, gade videyo kanpay sansibilizasyon konje patènite DOL la [isit la](#).

###